www.BibleForChildren.org


# Mateo 1



Mumwedzi wochitanhatu ngirozi Gabhurieri idotumiwa naMwari kuenda kuguta roGaririya rinoitiwa Nazareta. Idoenda kumhandara yanga idobvunzihwa nomurume waiitiwa Josefa, woimba yaDhavhiti. Zita romhandara yacho raiitiwa Mariya.



Ngirozi idoti kwaari, “Reka kucha, Mariya, ndava waitihwa mutsa naMwari. Saka chiona kuti, uchava nopamuviri wopona mwana mukomana, wauchatenza zita rokuti Jesu. Achava mukuru, futi achadaidziwa kuti Mwanakomana woWokumusorosoro, futi Ishe Mwari vachamupasa mupando wokutonga wababa vache Dhavhiti, futi achava Mambo muimba yaJakobho nokusingapere, noumambo hwache hunopfurukaba.”



Asi Mariya adoti kungirozi, “Anga zvakarezvi zvinoitika tini, sezvo inipano ndisinai murume?” Ngirozi idoti kwaari, “Mweya Mutsvene achauya pauri, nomasimba yoWokumusorosoro yachakufukidza, saka mwana achazvahwa achaitiwa mutsvene, Mwanakomana waMwari.”



Mumazuva yakareyo Mariya adosumuka nokamangu kuenda kunyika yomakomo, kuguta roJudhiya. Adopinda mumba maZakariya ndokumoresa Erizabheti. Zvino Erizabheti paadondonzva izvi rokumoresa kwaMariya, mwana adochiruka mudumbu rache.



Erizabheti adozaziwa naMweya Mutsvene,
futi adobva wakanuka ndokunyaira
noizvi rinoruzha achiti,
“Udoropafadziwa iwewe
pakati paanhikadzi,
futi budzi
rochibereko chako
ridoropafadziwa!”



Zvino kuzvahwa kwaJesu Khirisitu kudoitika nonzira idodai. Amai vache Mariya vanga vadobvunzihwa naJosefa, vasati vagara vese adooneka waanomimba yoMweya Mutsvene. Manje murume wache Josefa, semunhu wanga adorurama haanai kuda kumunyadzisa, adofunga kumuramba kabisira.



Asi achiri kufunga zvakarezvo, ngirozi yaIshe idobva yazviratidza kwaari pakurota ichiti, “Josefa mwanakomana waDhavhiti, reka kucha kutora Mariya kuti ave mukadzi wako, ndava mimba yaanayo njoMweya Mutsvene. Iye achapona mwana mukomana, wodzomutenza zita rokuti Jesu, ndava ndiye achaponesa vanhu vache kubva pazvitema zvavo.”



Josefa paadomuka pahope, adoita zvaadoudziwa nongirozi yaIshe, adomutora kuva mukadzi wache, asi haanai kumuziva kusvikira wapona mwana womukomana, achibva wamutenza zita rache rokuti Jesu.



Pamazuva yakareyo chirevo chidobva kuna Ogasito Khesari kuti nyika yese inyohwe. Munhu wese adoenda konyohwa, umwe noumwe kuguta rache.



NaJosefawo adobva kuGaririya, muguta roNazareta, ndokuenda kuJudhiya, muguta raDhavhiti rinoitiwa Bheterehema, nokuti wanga ari wodzinza nowoimba yaDhavhiti.



Adoenda konyohwa pabodzi naMariya waadokonza, wanga wava nomimba, . . .

. . . futi pavanga vari kwakareko, nguwa yokupona kwaMariya idosvika.



Adopona mwana wache mukomana wodangwe ndokumuputiriridza nomapiza, nokumuenzeresa muchijiro chozvipfuwo, ndava kwanga kusinai nzvimbo mudzimba dzovarendo.




Mudunhu rakarero manga munananyakabusa, vaichengeta mahwai yavo usiku. Ngirozi yaIshe idozvionesa kwavari, kubhwinya kwaIshe ndokuvapenyera kumativi yese, ivo ndokubatiwa nokucha.


Ipopo ngirozi idoti kwavari, “Rekai kucha, nokuti, ndakuunzirai nyaya idonaka yomufaro mukuru uchava wovanhu vese. Ndava nasi muguta raDhavhiti, mazvarihwa Muponisi, ndiye Khirisitu Ishe.”

“Futi ichi ndicho chichava chiratidzo kwamuri, muchawana mwana adoputiridziwa nomapiza adoenzeresewa muchijiro chozvipfuwo.”



Kabodzi nokabodzi kudovapo pabodzi nongirozi
yakareyo hondo yokudenga ikurufutiyo,
yanga ichirumbidza Mwari ichiti, . . .




. . . "Kubhwinya mbakuve kuna Mwari Wokumusorosoro, nopanyika mbapave norugare pakati povanhu vanomufadza!"


Ngirozi padzidobirika pavari dzichienda kudenga, anyakabusa vadotaurirana vachiti, “Mbatiendei kuBheterehema toona chinhu chakarechi chaitika, chataudziwa naIshe.”

Saka vadoenda nokamangu, ndokuwana Mariya naJosefa, nomwana adoenzeresewa muchijiro chozvipfuwo. Pavadomuona vadozivisa zvanga zvatauhwa kwavari pamusoro pomwana wakareyo.





Zvino Jesu paadozvahwa muBheterehema roJudhiya mumazuva yamambo Herudhe, varume vaidzidza zvonyenyedzi vadosvika muJerusarema vachibvva kumabvazuva.



Vadoti, “Ari poi uyo adozvahwa ari mambo wovaJudha? Ndava tidoona nyenyedzi yache kumabvazuva, tauya kudzomunamata.”

Pakarepo Herudhe adodaidza kabisira varume vaidzidza zvonyenyedzi kuti azive kubva kwavari nguwa idooneka nyenyedzi. Adovatuma kuBheterehema achiti, “Endai kobvunzitsitsa zvomwana, kana mamuwana mundivikhire shoko, kuti nainipanowo ndiuye kudzomunamata.”



Pavadonzva mambo vadopinda munzira yavo. Pakarepo vadobva vaona nyenyedzi yavanga vaona kumabvazuva yaakuvatungamira, kusvikira yamira pamusoro panzvimbo yanga ino mwana.



Pavadopinda mumba vachiona mwana naMariya amai vache. Vadokotamira pasi vachimunamata. Ipopo vadovhura zvipo zvavo ndokumupasa, ndarama, zvinonushira nomura. Kudzoti vachenjedzewa muchiroto, kuti vareke kudzokera kuna Herudhe, vadoenda kunyika yavo noimwe nzira.



Vadzidzi vonyenyedzi pavadondobva, ngirozi yaIshe idozvinangidza kuna Josefa muchiroto ichiti, “Sumuka, utore mwana namai vache, utizire kuIjipiti. Ugare kwakareko kusvikira ndakunyepa, ndava Herudhe wava kutsvaga



mwana kuti amupunze.”

Ipopo Josefa adomuka usiku ndokutora mwana namai vache, ndokuenda kuIjipiti. Vadogara kwakareko kusvikira pakupfa kwaHerudhe. Uku kwanga kuri kuzazisa zvidonyaihwa naIshe kuburikidza nomuporofiti achiti, “Kubva

kuIjipiti ndidodaidza mwanakomana wangu.”



Zvino Herudhe paadoona kuti wabatisiwa dombo novarume vaidzidza zvonyenyedzi, adopupuma noukari.



Adobva waraira kuti vanakomana vese vanomakore mairi zvichidzika vapunziwe muBheterehema, nomudunhu rese. Zvichienderana nonguwa idotauhwa novarume vaidzidza zvonyenyedzi.





Kudzoti Herudhe wapfa, ngirozi yalshe idozvinangidza kuna Josefa mukurota muljipiti, ichiti, “Sumuka, utore mwana namai vache muende kunyika yalziraiiri, ndava vaye vaitsvaga upenyu hwomwana, vadopfa.”

Asi paadonzva kuti Akerausi wava kutonga kuJudhiya pachinzvimbo chababa vache Herudhe,



adocha kukuenda pakare. Nokuchenjedzewa muchiroto, adodzonanga kudunhu rikuru roGaririya.



Adoenda kogara
muguta rinoitiwa Nazareta, kuti
zvidonyaihwa novaporofiti zvokuti,
“Achatenzewa kuti muNazarini,” zvizazisiwe.

Nokuti Mwari adoditsa nyika zvokutoipasa Mwanakomana wache mubodziyo, kuti wese anotenda kwaari areke kupfa, asi ave noupenyu husingapere.

VaRoma 3:23
Nokuti vese vadotadza vadoperevera kusvika pakubhwinya kwaMwari.

VaRoma 6:23
Ndava mubairo wochitema ipfa, asi chipo chaMwari, upenyu husingapere muna Khirisitu Jesu Ishe wedu.

VaHebheru 9:27
Uye zvakudotariwa kuti vanhu vapfe kabodzi, mumasure mozvakarezvo kutongewa kuchidzouya,

VaEfeso 2:8,9
Nokuti mudoponesewa nomutsa kuburikidza nokutenda, zvisingabve kwamuri, asi nzvochipo chaMwari peno, nzvomabasaba, kuti kureke kuva nomunhu anozvikudza.

VaRoma 10:9,10
Nokuti kana uchipupura nomuromo wako kuti Jesu ndiye Ishe pakare uchitenda mumwoyo mako kuti Mwari adomumutsa kubva kuvadopfa, uchaponesewa. Ndava unotenda nomwoyo ndokuti ururamisiwe, pakare unopupura nomuromo wako woponesewa.

Johwani 3:16,17

Nokuti Mwari adoditsa nyika zvokutoipasa Mwanakomana wache mubodziyo, kuti wese anotenda kwaari areke kupfa, asi ave noupenyu husingapere. Nokuti Mwari haanai kutuma Mwanakomana wache kuti apase murandu nyika, asi kutoti nyika iponesewe kuburikidza naye.

Johwani 5:11-13

Futi uhu ndihwo upfakazi hwokuti, Mwari adotipasa upenyu husingapere. Upenyu hwakarehu huri muMwanakomana wache. Wese ano Mwanakomana anoupenyu, asi wese asinai Mwanakomana waMwari haanai upenyu. Ndiri kunyora zvakarezvi kwamuri vanotenda muzita roMwanakomana waMwari kuti muzive kuti munoupenyu husingapere.

Mateo 1-2; Ruka 1-2


Storyline by: Edward D. Hughes

Illustrated by: M. Maillot
and Alastair Paterson

Adapted by: E. Frischbutter, Sarah S.



Shona KoreKore NT (sna) The Word for The World International

https://live.bible.is/bible/SNASUV/MAT/1



©2026 Bible for Children, Inc.
www.M1914.org www.bibleforchildren.org